ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№112 (23.020) • 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 16, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Iэтащхьэ

## КIуэкIуэ Юрий Дунейпсо Адыгэ Хасэм (ДАХ) и хасащхьэм хэтхэм яIуощIэ

**Мэкъуауэгъуэм и 13-м КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм щахуэзащ ДАХ-м и хасащхьэм хэтхэм. Абы къыщыщыпсалъэм КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм дазэрыпыщIар гъэбыдэн, лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэн, псоми ди зэхуэдэ Iуэхухэр дагъэкIынымкIэ къарууэ щыIэр зэщIэгъэуIуэн зэрыхуейр.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ икIи къаIэта Iуэхухэм зэреплъыр щыжаIащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент, тенджыз ФIыцIэм Iус шапсыгъхэм я Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **КIэкIыхъу Мэжид**, Иорданием и Адыгэ фIыщIэ хасэм и тхьэмадэ, Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и сенатор **Къардэн Самир**, КъБР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хасащхьэм хэт, Тыркум и «КАФФЕД» зэгухьэныгъэм щыщ **Къущхьэ Догъэн**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хасащхьэм хэт, Сирием, Иорданием я Адыгэ фIыщIэ хасэхэм я лIыкIуэхэу **Бырсекъуэ Орфанрэ Нэгуэр Зиуаррэ**.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Лъэпкъ Iуэху



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## Адыгэм и къэкIуэнур егъэфIэкIуэным толажьэ

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хасащхьэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ щэбэт кIуам Налшык къалэ щекIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ хамэ къэралхэм, КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Краснодар крайм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я лIыкIуэхэр. ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.**

ХАСАЩХЬЭМ хэтхэм нэхъыщхьэу зи гугъу ящIахэм ящыщщ Сирием щекIуэкI зауэм зи щхьэр къыхэзыха ди лъэпкъэгъухэм адыгэхэр щыпсэу хэгъуэгухэм я Iуэху зэрыщыдэкIымрэ гъащIэм зэрыхэзэгъэжымрэ.

КъыщынэмыщIауэ, къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ Тыркум щыпсэу ди къуэшхэм адыгэбзэр егъэджыным пыщIа гугъуехьхэм. Кирилл алыфбейр зи лъабжьэ адыгэбзэр латинницэм зэрыхуагъакIуэр къызэремызэгъыр къыхэщу къэпсэлъащ а къэралым къикIахэри хэкурысхэри. Адыгэ Хасэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм тхьэмадэхэр убгъуауэ къытеувыIащ, икIи ДАХ-м и Х Зэхуэсышхуэр фокIадэм Налшык къызэрыщызэрагъэпэщынур, абы къыщаIэтыну Iуэхугъуэхэр зэпкърахащ. Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэм я къэкIуэнум имыгъэпIейтейуэ щыткъым хасащхьэм хэтхэр, ахэр лъэ быдэкIэ гъащIэм хэувэн, къызыхэкIам я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ящIэжу къэхъун папщIэ хэкум и еджапIэ нэхъыщхьэхэм жэрдэм зиIэхэр щегъэджэн зэрыхуейр, а Iуэхур тэмэму къызэрызэгъэпэщыпхъэр ягъэбелджылащ.

Апхуэдэу ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэр тепсэлъыхьащ лъэпкъым и къэкIуэнур езыгъэфIэкIуэну къалъытэ Iуэхугъуэхэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэр нэхъ купщIафIэ щIыным пыщIа Iэмалхэмрэ. Хасэм къыхыхьэну гупыж зыщIахэр къыщыпсэлъащ зэIущIэм, абы къыдэкIуэуи ДАХ-м хэту, ауэ зы Iуэхуи зэфIамыгъэкIыу щыIэ къудамэхэм унафэ ятещIыхьын зэрыхуейри къыхагъэщащ.

Лъэпкъым и Iуэху дэкIыным, абы и щIэблэм зиужьыным, хэхэсымрэ хэкурысымрэ я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэным, ди лъэпкъэгъухэр адэжь лъахэм къешэлIэжыным теухуауэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ абы ехьэлIауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэмрэ щагъэбелджылащ зэIущIэм. Хасащхьэм хэтхэм я зэIущIэм теухуа тхыгъэ тетынущ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Урысейм и Махуэр зэдагъэлъапIэ

**Урысейм и Махуэм Налшык Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и гупэм деж щекIуэкIащ «Си республикэ - си Урысей» фестивалыр. А утыкур екIуу гъэщIэрэщIат. КъБР-м и Лъэпкъ музейм абдеж щигъэлъагъуэрт сабий художественнэ школхэм я гъэсэнхэм я IэдакъэщIэкIхэр.**

САБИЙХЭМ папщIэ ягъэуват «Малютка» киногъэлъэгъуапIэр. Абдеж ущеплъ хъурт мультфильмхэм. Iуэхур ягъэдахэрт Налшык къалэ паркым и духовой оркестрым, КъБКъУ-м и хорым, къэфакIуэ гупхэм, уэрэджыIакIуэ пажэхэм. АдыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ махуэшхуэм щыжаIа уэрэдхэм яIэтырт къэралым, республикэм я щIыхьыр: «Моя Россия - моя страна», «Сэ адыгэу сыкъалъхуащ», «Си лъахэ», «Дорогая столица» - куэд хъурт а уэрэдхэр. МахуэшхуэмкIэ республикэм и цIыхухэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**.



- Нобэ къэралым щIыгъуу республикэм егъэлъапIэ Урысейм и Махуэр. Илъэс 25-рэ дэкIащ УФ-м и къэрал щхьэхуитыныгъэм и декларацэр къызэрытщтэрэ. А зэманым къриубыдэу къэралым и политикэ гъэпсыкIэм зихъуэжащ, властыр гуэша хъуащ, федерацэр яухуащ, парт зыбжанэ къэунэхуащ, СМИ щхьэхуит диIэ хъуащ, Урысейр сату экономикэм техьащ. Урысей къэралыгъуэ зэтеувам и мурадыр цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ я псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэщ. Нобэрей махуэшхуэм дэ тлъытэр политикэ, экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм, Урысейм и тхыдэм и напэкIуэцIыщIэхэм я закъуэкъым, атIэ къэралым лIэщIыгъуэкIэрэ къикIуа гъуэгуанэми дроплъэж, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

- Ди адэжьхэм уэсят къытхуащIащ хэкупсэу дыщытыну, абыхэм IуэхукIэ куэдрэ къагъэлъэгъуащ Хэку лъагъуныгъэм узэрызэкъуигъэувэр, гъэунэхуныгъэхэм щIыхь пылъу уапхыкIыным узэрыхуипсыхьыр,- къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий. - А ди зэпыщIэныгъэр зэпыч хъунукъым. Ди хабзэ дахэхэр тхъумэн, едгъэфIэкIуэн, зи гуащIэдэкIрэ лIыхъужьыгъэкIэ, акъылрэ щхьэхуитыныгъэкIэ Урысейр зыухуахэм, зыгъэлъэщахэм къэралым хуащIа пщIэр тлъытэн хуейщ. Нобэ ди къэралыр пэщIэтщ япэми мызэ-мытIэу къызэринэкIа гугъуехьхэм хуэдэм. Ар къапкърокI Урысейр зэкъуэту, лъэщу зылъагъуну хуэмейхэм. Ауэ зыми къехъулIэнкъым дуней псом абы щиIыгъ увыпIэр махэ ищIыну. Урысейр иригъэкIуэтынукъым нобэ зэманым къигъэув лъэпощхьэпохэм, атIэ зиужьынущ, нэхъри зигъэбыдэнущ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ Урысей Федерацэм и зыужьыныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хэлъхьэныгъэшхуэхэр зэрыхуищIыр.

- Ди лъахэгъу куэдым - щIэныгъэлIхэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэхэм, спортсмен цIэрыIуэхэм ди щIыналъэм и пщIэр дуней псом щаIэтащ, - гу лъаригъэтащ абы. Махуэшхуэм ирихьэлIэу къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэр - УФ-м и цIыхум и паспортыр - ныбжьыщIэхэм зэрыратыжми куэд къигъэлъэгъуакIэщ.

- Урысейм и цIыхуу ущытыныр - щIыхь зыпылъщ. Ар икIи къэралымрэ жылагъуэмрэ я пащхьэ жэуаплыныгъэ зэрыщыпхъыр зыхозыгъащIэщ. Ар щIыхь зыпылъ гъащIэ къигъэщIэну дэтхэнэми Iэмал къезытщ. Къэралым и пщIэр дэтхэнэ цIыхуми къилэжь пщIэм елъытыжащ.

Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ ди щIалэгъуалэм я зэфIэкIым, жыджэрагъым я фIыгъэкIэ Урысейр нэхъри лъэщ зэрыхъунум, зэрызиужьынум шэч къызэрытримыхьэр.

КIуэкIуэ Юрий республикэм и цIыхухэм ехъуэхъуащ мамырыгъэ, гуапагъэ щымыщIэну, насып яIэну, хэкум и пщIэр зыIэтын къаруущIэхэр къакъуэкIыну.

Къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэр иратыжащ ныбжьыщIэхэм. Республикэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу ар къаIэрыхьэжащ Мэкъушэ Сэтэней, Казбановэ Юлие, Биттиров Тамерлан, Кулиев Алан, Малкаров Далхат, Стецун Владислав, Скачковэ Алинэ, Тхьэгъэзит Инал, Ульясовэ Иринэ, Хьэщэ Сабинэ сымэ. НыбжьыщIэхэм я паспортхэр яIэрыхьэжа нэужь, къэралым и гимныр къеуащ.

Урысей Федерацэм и Президентым иубзыхуа «2014 гъэм Сочэ къалэ щекIуэкIа XXII ЩIымахуэ Олимп Джэгухэмрэ XI ЩIымахуэ Паралимп Джэгухэмрэ» медалыр республикэм и цIыхуу 100-м щIигъум хуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ лъагэу дэлъеинымкIэ дунейпсо чемпионкэ Кучинэ Марие, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь, «АльпинизмэмкIэ, къырым дэпщеинымкIэ, спорт туризмэмкIэ федерацэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Ольмезов Абдулхьэлим, Эверест и щыгум дэкIа Мэз Каринэ сымэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Псоми я зэхуэдэ гуфIэгъуэшхуэ



**Ахъуэхъу Къанщобий йохъуэхъу КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ ДыщэкI Марие (Лашынкъей).**

## Шэджэм щIыналъэ

Муниципальнэ щIыналъэм и администрацэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI и пэшышхуэм IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыхэжаныкIахэм щIыхь тхылъхэр, администрацэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр щратащ. Администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Къанщобий къызэхуэсахэм махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ.

ГуфIэгъуэ дауэдапщэхэм щыпащащ районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Концертышхуэм хэтащ «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Жашлыкъ» цIыхубэ ансамблхэр, уэрэджыIакIуэхэу Тохъу Артур, Юлдашевэ Людмилэ, Скичко Валерие, Ахъмэт Дарьянэ, Къашыргъэ Аскэр, «Вагъуэ цIыкIу», «Шэджэм шууейхэр» сабий къэфакIуэ гупхэр.

**КIАРЭ Элинэ.**

## Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

Тырныауз къалэмрэ а щIыналъэм щыщ къуажэхэмрэ я библиотекэхэм къыщызэрагъэпэщащ «Урысейм дыхуэвгъэсакъ. Дэ нэгъуэщI Урысей диIэкъым» зыфIаща дерсхэр.

Тырныауз къалэм Кулиев Къайсын и цIэр зэрихьэу дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм мэкъуауэгъуэм и 12-м махуэшхуэ концерт щагъэлъэгъуащ. Абы хэтащ Iуащхьэмахуэ районым и самодеятельнэ артистхэр. ЩэнхабзэмкIэ унэм и гупэм хуэзэ утым къэрал ныпхэр зыIыгъ щIалэгъуалэр, адрей къалэдэсхэр къыщызэхуэсащ. Абы кърихьэлIащ район, къалэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр, предприятэ, IуэхущIапIэ куэдым я лэжьакIуэхэр. ГуфIэгъуэ зэхыхьэм кърихьэлIахэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ захуигъэзащ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и Iэтащхьэ Уянаев Казым.

**ТАРИМ Алисэ.**





## Бахъсэн щIыналъэ

Бахъсэнёнкэ (Къэсейхьэблэ) къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щагъэлъэгъуа концертышхуэр къызэрагъэпэщащ Бахъсэн щIыналъэм и ЩIалэгъуалэ центрым, район администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм, къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. «Урысейр - ар ди унагъуэхэрщ, щIалэгъуалэрщ, ар япэкIэ кIуатэ ди къэрал узыншэрщ икIи лъэщырщ, зызыужь ди экономикэрщ, махуэ къэс ди нэгум щIэкI псэукIэ тэмэмырщ»,- щыжиIащ къызэхуэсахэм я пащхьэ ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI Балэ Лидэ.

А махуэ дыдэм гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр къыщызэрагъэпэщащ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм дэт еджапIэ №4-м и «Дыгъэ цIыкIу» зыгъэпсэхупIэ лагерым. Сабийхэм къэралым и гимныр ягъэIуащ, Урысейм и ныпыр яIэтащ, иужькIэ хэкум и тхыдэм теухуа викторинэ ирагъэкIуэкIащ.

**ЧЫЛАР Аринэ.**




## Сом мелуанитхури фондым хелъхьэ

**Мэкъуауэгъуэм и 12-м - Урысейм и Махуэм - Москва щрагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ дауэдапщэ нэхъыщхьэт Президент Путин Владимир УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреатхэр зэригъэлъэпIар.**

Фигу къэдгъэкIыжынщи, къэралым и пащхьэм щаIэ фIыщIэхэм папщIэ а саугъэтыр илъэс къэс хуагъэфащэ цIыхуи 8-м. Дэтхэнэ саугъэтри сом мелуанитху мэхъу.

Литературэ, гъуазджэ, щIэныгъэ, технологие IэнатIэхэм, апхуэдэуи гузэвэгъуэ хэхуа цIыхухэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ илъэс кIуам ирагъэкIуэкIа жылагъуэ Iуэхухэм папщIэ Къэрал саугъэтыр зратахэм ящыщщ композитор Пахмутовэ Александрэ, режиссёр Сокуров Александр, актрисэ цIэрыIуэ, псапащIэ Хаматовэ Чулпан, Лермонтовым и цIэр зезыхьэ «Тарханы» музейм и унафэщI Мельниковэ Татьянэ.

Къэрал саугъэтым щыщ Iыхьэ е ар зэрыщыту псапащIэ Iуэхухэм хухэхыныр хабзэфIу щыуващ ди деж. Псалъэм папщIэ, Хаматовэ Чулпан кърата сом мелуанитхур хилъхьащ ар зи унафэщI «ГъащIэр тыгъэ хуэщI» фондым, лыших узыфэр зыпкърыт сабийхэм защIэгъэкъуэным хуэлажьэм.

«Къэрал саугъэтыр къызэрысхуагъэфэщам икъукIэ сыщыгуфIыкIащ, сыту жыпIэмэ, ар иджыри зы IэмалыфIщ сабий сымаджэхэм защIэзгъэкъуэнымкIэ», - жиIащ УФ-м и цIыхубэ артисткэ Хаматовэм.

## ЦIыхухэми псэущхьэхэми я зэхуэдэ гузэвэгъуэ

**Уэрэ жьапщэрэ зыщIэт уэлбанэшхуэм и зэран екIащ Куржым и къалащхьэ Тбилиси.**

Верэ псыр къиури, къыпэщIэхуэр ирихыу, къалэм и уэрамхэм ятIэпсымрэ мывэхэмрэ дихьащ, абы щыпсэухэм хэщIыныгъэшхуэхэр яритащ. Псыдзэм зэтрикъутащ цIыху 200-м я унэхэр, иджы ахэр ягъэIэпхъуэ пIалъэкIэ щыпсэуну щIыпIэхэм. Мылъку хэщIыныгъэр зыгуэрурэ ирибгъэкъужыфынт, гуауэр а дуней къэхъукъащIэ шынагъуэм псэдзыгъэ къызэрихьарщ. ЗэкIэ къызэратамкIэ, абы цIыху 15 хэкIуэдащ, 24-м я Iуэху зытет ящIэркъым.

Къэхъуам и хъыбар зэрызэхахыу, Урысейм и Президент Путин Владимир а къэралым и унафэщIхэм яхуэгузэващ, апхуэдэуи УФ-м и МЧС-м и Iэтащхьэхэм Куржым жраIащ гузэвэгъуэ хэхуахэм ядэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр.

Псыдзэр нэхъыбэу зэран зыхуэхъуахэм ящыщщ къалащхьэм и зоопаркыр. Псэущхьэхэр щаIыгъ гъущI хъархэр псым зэтрикъутэри, хьэкIэкхъуэкIэ 600-м я нэхъыбапIэр щхьэхуит хъуащ. Абыхэм яхэтщ аслъэнхэри, дыгъужьхэри, мыщэхэри, уеблэмэ благъуэхэри. ЦIыхухэм я дежкIэ шынагъуэу щыт хьэкIэкхъуэкIэхэм иджы езыхэм къахудэкIат захъумэжыну. Апхуэдэхэм деж унэм нэхъ лъагэу удэпщеиныр хэкIыпIэфIу къилъытауэ къыщIэкIынщ - мыщэшхуэр етIуанэ къатым и шордакъым дэпщеящ, апхуэдэ щIыкIэкIи къелащ.

Тбилиси и Iэтащхьэ Нармание Давид цIыхухэр къыхуреджэ дяпэкIи мыбэлэрыгъыну, сыту жыпIэмэ уэлбанэр къалэм и Iэшэлъашэм иджыри щхьэщыкIакъым икIи ятIэпс аргуэру къащIэуэнымкIэ шынагъуэ щыIэщ.

## НОБЭ

♦**Африкэм щыщ сабийм и дунейпсо махуэщ**

♦1903 гъэм Форд Генри США-м къыщызэригъэпэщащ «Форд Мотор» автомобиль компаниер.

♦Урыс усакIуэ, адыгэ бзылъхугъэм и дахагъэм тетхыхьа **Бальмонт Константин** къызэралъхурэ илъэси 148-рэ ирокъу.

♦1925 гъэм тенджыз ФIыцIэ Iуфэм къыщызэIуахащ «Артек» сабий центрыр. ИужькIэ ар хъуащ Совет Союзым и пионерхэм я зыгъэпсэхупIэ нэхъыщхьэ.

♦1930 гъэм Волгоград (Сталинград) трактор заводыр лажьэу яутIыпщащ.

♦1963 гъэм Терешковэ Валентинэ «Восток-6» кхъухьым ису хьэршым лъэтащ.

♦1992 гъэм Урысейр Дунейпсо банкым хыхьащ.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Хьэжмэт Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къумахуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ

**Жьы зыхэмыт щIыIэр щIыIэкъым, псчэ зыхэмыт узыр узкъым.**

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

# Хэхауэ яхъумэ щIыналъэхэм ятеухуа законым хэплъэжыпхъэу къалъытэ

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм Правительствэм щыхухаха зэманыр къагъэсэбэпащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къуэдзэ Коновалов Олег и докладым едэIуэн папщIэ. Ар нэхъыбэу зытеухуауэ щытар хэхауэ яхъумэ щIыналъэхэр къызэры-зэрагъэпэщымрэ къызэрагъэсэбэпымрэщ.**

ДОКЛАДЫМ къызэрыхэщамкIэ, республикэм хэхауэ яхъумэу щыIэ щIыналъэхэр гуп зыбжанэу гуэшащ. ПыухыкIауэ къапщтэмэ, тIум (Къэбэрдей-Балъкъэр къурш заповедникымрэ «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркымрэ) федеральнэ мыхьэнэ яIэщ. Хэхауэ яхъумэ щIыналъэу республикэ мыхьэнэ зиIэ 30-м хеубыдэ къэрал заказникыу 8, щIыуэпсым и фэеплъу ягъэува щIыналъэу 21-рэ, зы ботаническэ жыг хадэ.

Урысей Федерацэм и субъектхэм ящыщу хэхауэ яхъумэ щIыналъэу ягъэувахэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр бжьыпэр зыIыгъхэм ящыщщ. Апхуэдэ щIыналъэхэр республикэм иIыгъ щIы псоми я процент 30-м ноблагъэ.

КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и унафэм щIэту 2006 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ «КъБР-м хэхауэ яхъумэ и щIыналъэхэмкIэ дирекцэр». Абы и къалэныр республикэ мыхьэнэ зиIэ щIыналъэу хэхауэ яхъумэхэр зэрызэрахьэр зэгъэуIунырщ.

Дирекцэм иджыпсту цIыху 32-рэ щолажьэ. Абыхэм я зэфIэкIыр зыхуэунэтIар экологие кIэлъыплъыныгъэ егъэкIуэкIыныр, хэхауэ яхъумэ щIыналъэу республикэ мыхьэнэ зиIэхэм я кадастрыр тхыныр, хэхауэ яхъумэ псэущхьэхэм зегъэужьыным хуэунэтIа биотехникэ Iуэхухэр зэфIэгъэкIыныр, хабзэм къемызэгъыу псэущхьэхэр къэзыукIхэм ебэныныр, республикэ мыхьэнэ зиIэ щIыналъэу хэхауэ яхъумэхэм щыIэ псэущхьэхэм я къэрал учет егъэкIуэкIыныр.

Министрым и къуэдзэм и докладым къыщигъэлъэгъуащ мы зэманым министерствэм и IэщIагъэлIхэр къэзылъахъэ гугъуехь щхьэхуэхэри. Псалъэм папщIэ, Коновалов Олег зэрыжиIамкIэ, хэхауэ яхъумэ щIыналъэу республикэ мыхьэнэ зиIэхэр КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и унафэм щIэтщ. Абы и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, гурыIуэгъуэкъым ботаникэ жыг хадэр «КъэкIыгъэ щхъуантIэхэр» къэрал предприятэ зэгуэтым щыхагъэхьар. А IуэхущIапIэр фейдэм толажьэ, продукцэ ещэ, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуещIэ. Ар къезэгъыркъым «Хэхауэ яхъумэ щIыналъэхэм я IуэхукIэ» законым. Абы зэритымкIэ, ботаникэ жыг хадэхэм я лэжьыгъэр зытеухуауэ щытын хуейр щIыуэпсыр хъумэныршщ, ар зыхуэныкъуэ къэкIыгъэхэр гъэбэгъуэныршщ, щIэныгъэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIыныршщ, лэжьакIуэхэр егъэджэныршщ, щIыуэпсыр хъумэным хуэгъэсэныршщ.

- Ботаникэ жыг хадэхэм я зэфIэкIыр зытраухуэн хуейр хабзэм ипкъ иткIэ къапэщыт къалэн пыухыкIахэр гъэзэщIэныршщ. Абы къыхэкIыу дэ мызэ-мытIэу къэтIэтащ республикэм щыIэ ботаникэ жыг хадэр КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм, республикэ мыхьэнэ зиIэ щIыналъэу хэхауэ яхъумэхэм я лэжьыгъэр къэралым и цIэкIэ зэзыгъэуIум, етыжын зэрыхуейр, - жиIащ доклад зыщIам.

Абы иужькIэ министрым и къуэдзэм депутатхэр зыщIэупщIахэм жэуап яритащ. Зытепсэлъыхьа Iуэхум теухуа республикэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным сэбэпынагъыу къиихьыну къалъытэм теухуауэ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зыщIэупщIам и жэуапу абы жиIащ законодательствэр ирагъэфIэкIуэну игъуэ зэрыхъуам шэч къызэрытримыхьэр. Иджыпсту КъБР-м и Правительствэр хэплъэн папщIэ иратауэ щыIэщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэхауэ яхъумэ и щIыналъэхэм я IуэхукIэ» КъБР-м и законыщIэм и проектыр. Ар къащтэмэ IэщIагъэлIхэм Iэмал ягъуэтынущ хэхауэ яхъумэ щIыналъэхэм ятеухуа хабзэхэр зэрагъэзащIэм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыну.

Законодательствэмк Iэ, къэрал ухуэкIэмкIэ, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Мэлбахъуэ Борис къыхилъхьащ Куба, Балъкъ къуажэхэм я зэхуакум хуэзэу мывэу, мывэ зэтеудауэ, пшахъуэу куэд къызэрыщыщIахыр, республикэм зэрырашыр икIи абы и зэранкIэ Куба къуажэм кIуэ псыIэрышэм и къежьапIэр зэтекъута зэрыхъур. Коновалов Олег жиIащ а Iуэхум икIэщIыпIэкIэ хэплъэну зэрамурадыр. Иджыпсту а мывэ къихыпIэхэр къэзыгъэсэбэпым лицензэ иIэщ. Абы къыхэкIыу ведомствэхэм зэдай комиссэм къипщытэнущ лицензэм къигъэувхэм тету лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIыр.

Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щIы IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий депутатхэм ягу къигъэкIыжащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам мы Iуэхур хэхауэ къызэрыщыхигъэщар. Къэпсалъэм къигъэлъэгъуащ икIэщIыпIэкIэ зэгупсысыпхъэ Iуэху пыухыкIахэр. Псалъэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къурш заповедникыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 40-м нэблэгъащ. Ауэ нобэм къэс и гъунапкъэхэр гурыIуэгъуэу яубзыхуакъым. Языныкъуэхэм абы гектар мин 53-рэ хуэдиз иIыгъыу къалъытэ, адрейхэм зэрыжаIэмкIэ, заповедникыр гектар мин 84-м ноблагъэ. Апхуэдиз зэманым къриубыдэу заповедникым иIыгъ щIыналъэм теухуа тхыгъэхэр щызэхуэхьэса зы тхылъи къыдагъэкIакъым.

ЗэIущIэм кърихьэлIащ «КъБР-м хэхауэ яхъумэ и щIыналъэхэм я дирекцэм» и унафэщI Пакъэ Руслан, «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркым и унафэщIу ягъэува Залиханов Юрий сымэ.

ЗэIущIэм къыщапсэлъахэм япкъ иткIэ, депутатэм къащтащ КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

ЗэIущIэм нэгъуэщI Iуэху зыбжанэми щытепсэлъыхьащ. Къапщтэмэ, депутатхэр хэплъащ УФ-м и адрей субъектхэм я парламентархэм законхэр къыдэгъэкIыным теухуауэ къаIэта жэрдэм щхьэхуэхэм, апхуэдэу федеральнэ законхэм я проектхэр къазэрыщыхъуам теухуауэ къагъэхьа тхыгъэхэм.

ЗэIущIэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратащ КъБР-м и Парламентым и депутат Шондыр Олег, Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм щэнхабзэмрэ библиотекэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщI Къалэ Хъызыр сымэ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



Адыгэпщыр гъуэгу тохьэ.
*Сурэтыр* **Бертуч З.** *ищIащ. 1805 гъэ.*

● Махуэшхуэхэр

# Депутатхэм къабгъэдэкI тыгъэ

**2014 - 2015 гъэ еджэгъуэр зэриухамрэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэмрэ Iэтауэ щагъэлъэпIащ Нартан къуажэм дэт школ-интернат №5-м. НыбжьыщIэхэм я гуфIэгъуэр даIыгъыну зэIущIэм зыкърагъэхьэлIат КъБР-м и Парламентым и депутатхэм.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, школ-интернатым и Попечительскэ советым хэт Жанатаев Сэлим махуэшхуэхэмкIэ гуапэу ехъуэхъуащ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэми, абыхэм я гъэсэнхэми.

- Ди республикэм и унагъуэ нэхъ инхэм икIи зэрыIыгъхэм фащыщщ фэ, фи «адэ»-унафэщI Алишанов АлийсултIан фи пашэу, - жиIащ Жанатаевым. - Фэ зэфIэфх лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Сынывохъуэхъу щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ екIурэ фиIэу, фызэрыпсэуфын IэщIагъэ зэвгъэгъуэтауэ лъэ быдэкIэ гъащIэм фыхэувэну, апхуэдизу къывэлIалIэ фи унэтIакIуэхэмрэ фIыуэ флъагъу фи ныбжьэгъухэмрэ куэдрэ фигу илъыну.

Узыншагъэ быдэ яIэну, гъащIэм ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрагъэхьэну, насып куу къайхъулIэну интернатыр къэзыуххэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и депутат, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым Парламентым щиIэ фракцэм хэт, а партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Кебеков Владимир.

Жанатаевымрэ Кебековымрэ яхэтащ интернатым и егъэджакIуэ пэрытхэмрэ абыхэм я гъэсэн пажэхэмрэ щIыхь тхылъхэмкIэ, саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зыгъэлъэпIахэм. КъищынэмыщIауэ, депутатхэм къабгъэдэкI тыгъэ гуапэхэр иратащ сабий IуэхущIапIэм. Апхуэдэу, макъамэ аппаратурэщIэ къызэращэхун ахъшэм къыдэкIуэу, езым и унэй хозяйствэ зиIэж интернатым иратащ мэли 10-рэ жэм зэщIэсу 2-рэ.

А псори зи гуапащэ хъуа ныбжьыщIэхэм хьэщIэхэм папщIэ концерт дахэ ятащ, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэри къызэрагъэпэщащ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Шы Iуэхум трагъащIэ

**2015-2020 гъэхэм шы гъэхъунымрэ шы спортымрэ зэрызаужьынум теухуа республикэ программэ зэхэт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу игъэхьэзырынущ. Ар тещIыхьащ адыгэшхэмрэ нэгъуэщI шы лъэпкъхэмрэ зэтегъэувэжыным, селекцэ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, апхуэдэу шы туризмэм зегъэужьынымрэ иппотерапием и Iэмалхэр къэгъэсэбэпынымрэ.**

АДЫГЭШХЭМ я лъэпкъ генофондым хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ - лы IыхыпIэхэм иратащ е нэгъуэщI щIыпIэхэм щащащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Дадэ МуIэед зэрыжиIамкIэ, 1991 - 2007 гъэхэм къриубыдэу республикэм шыуэ иIар процент 75-кIэ нэхъ мащIэ хъуат, къахуэнэжар миниблт.

Иужьрей илъэсхэм щытыкIэр хэпщIыкIыу зэтоувэж - Урысеймрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ адыгэ шыгъажэшхэр щагъэбагъуэ. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, ахэр нобэ мин 12-м нызэрохьэс. Щагъэхъу щIыпIэкIэ къапщтэмэ, Европэм и къэралибгъум щызэрахьэ.

Республикэм шыуэ щаIыгъыр нэгъабэ минипщIрэ щитхум нагъэсыжащ, абыхэм я процент 95-м щIигъур адыгэш лъэпкъщ. IэщIагъэлIхэм къызэрыхагъэщымкIэ, щIыпIэ куэдым зэрыщагъэбагъуэм и фIыгъэкIэ, адыгэшым и статусыр заводхэм къыщагъэхъу лъэпкъхэм яйм нос. КъищынэмыщIауэ, шыгъажэ кIыхьым зэфIэкIышхуэ зэрыщиIэм абы зезыгъэужьыну хуейхэм IэмалыфIхэр къахузэIуех.

- Шыхэр шыгъэжапIэхэм щыгъэунэхуныр селекцэ лэжьыгъэм къыгуэхыпIэ зимыIэ и Iыхьэщ. Иужьрей зэманым а Iуэхур хэпщIыкIыу екIэкIуащ. Мылъку зэрамыIэм къыхэкIыу, шы лъэпкъыфI заводхэр гъэунэхуныгъэм егугъуркъым. Абы селекцэ лэжьыгъэр, псом япэу, адыгэшым теухуар зэтреIыгъэ, - къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

Республикэм и УнафэщIым зэрыжиIамкIэ, Налшык шыгъэжапIэм никъусаныгъэ куэд щызэтрихьащ. Абы и псэуалъэхэм я зэхуэдитIыр зыIэщIэлъыр наIуэкъым. Ухуэныгъэхэм ящыщ куэдыр зэхэкъутащи, къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжын, къэгъэщIэрэщIэжын хуейщ. Мылъкур фейдэ пылъу, зэгъэзэхуауэ зэрызэрамыхьэм, инфраструктурэмрэ IуэхутхьэбзэщIапIэхэмрэ тэмэму зэрызрамыгъэужьым я зэранкIэ, шыгъэжапIэм и Iэмалымрэ и зэфIэкIымрэ нэгъэсауэ къахуэгъэсэбэпыркъым.

Иужьрей илъэс 25-м къриубыдэу нэхъ мыхьэнэ зиIэ зэпеуэхэм республикэм и шууейхэм ехъулIэныгъэ щаIэкъым, уеблэмэ, абыхэм хэмытыххэу жыпIэ хъунущ. Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр шы спортыр щIыналъэм зэрыщехуэхарщ, псом хуэмыдэу, ныбжьыщIэхэм я деж.

- Къэрал мылъкукIэ, коммерцэ IэмалкIэ шы спорт еджапIэхэмрэ секцэхэмрэ республикэм зыщедгъэубгъуну къытпэщытщ. Шы гъэхъуным зыщиужьа къэралхэм спорт Iуэхухэмрэ цIыхухэм я зыгъэпсэхукIэмрэ быдэу щызэпхащ. Ди щIыпIэм и щытыкIэфIым апхуэдэ Iэмал къытхузэIуех. Адыгэшхэр, нэгъуэщIхэм нэхърэ нэхъыфIу, а Iуэхум хуэщIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, шы спортым, зыгъэпсэхукIэм, иппотерапием зегъэужьыным пыщIа Iуэхугъуэхэм бизнес мащIэмрэ курытымрэ тхухэшэнущ, - къыхигъэбелджылыкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм.

Дадэ МуIэед къыхилъхьащ республикэм Шы спортым и федерацэр къыщызэрагъэпэщыжыну, шы лъэпкъыфIхэр зыгъэбагъуэхэм хухах къэрал мылъкум хущIагъуну, а IэнатIэм зрагъэубгъуну, шыгъажэш нэсхэр, лъэпкъыфI дыдэхэр къагъэхъун папщIэ, селекцэ лэжьыгъэм нэхъ жыджэру пащэну.

*«Российская газета».*
*2015 гъэ, №117*

# Iэмалхэм заубгъу

**ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэм къегъэщIылIа Эксперт советым и зи чэзу зэIущIэ зэхэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ Зумакулов Борис.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым абы къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и субъектхэм щыIэхэм я Зэзыгъэуву советым и зэIущIэр УФ-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Памфиловэ Эллэ мэ-къуауэгъуэм и 6-м Москва зэрыщригъэкIуэкIам. Абы щытепсэлъыхьащ «ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр Урысей Федерацэм щегъэфIэкIуэн мурадкIэ закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Федеральнэ законыр гъэзэщIэным пыщIа Iуэхухэм.

Памфиловэ Эллэ зэрыжиIамкIэ, цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ IэнатIэм пэрытхэр а законыр къащтэным илъэс 20-м щIигъукIэ пэплъащ. Абы и проектхэр ягъэхьэзырурэ зыбжанэрэ УФ-м и Къэрал Думэм къыщыхалъхьащ. Ауэ къызыхэкIар ямыщIэу щыхэплъэну пIалъэхэр ягъэIэпхъуэрт.

Iуэхур щыдэкIар къэралым и субъектхэм цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ щыIэ уполномоченнэхэм Путин Владимир 2014 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм яхуэза нэужьщ. Абы щыгъуэ УФ-м и Президентым къигъэувауэ щытащ законым и проектыщIэ икIэщIыпIэкIэ ягъэхьэзырыну.

Арати, законыр 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къащтащ. Абы уполномоченнэм и хуитыныгъэм фIыуэ зрегъэубгъу, абы статусыр еубзыху, граждан жылагъуэм и гъащIэм, къэрал, муниципальнэ органхэм я IэнатIэм абы щиIэ мыхьэнэмрэ щиIыгъ увыпIэмрэ егъэбелджылы.

Законым къыщагъэлъэгъуащ субъектым щыIэ Уполномоченнэр щагъэувкIэ икIи щытрагъэкIкIэ абы ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу УФ-м щыIэр акъылэгъу техъуэн зэрыхуейр. Абы игъэув федеральнэ мардэхэм ящыщщ субъектым и щIыналъэм щыIэ IэнатIэ псоми я унафэщIхэр Уполномоченнэр IуэхукIэ щыкIуам деж икIэщIыпIэкIэ къыIущIэну зэракъалэныр, абы езым зэхигъэкI Iуэхухэм теухуауэ зыщIэупщIэ информацэр зэрыратыр, тутнакъэщхэм щыкIуам деж ар администрацэм и лIыкIуэхэр хэмыту езыр щхьэхуэу ягъэтIысахэм яхуэзэ зэрыхъунур. Апхуэдэ IуэхущIапIэхэм щаIыгъхэм я тхьэусыхафэу Уполномоченнэм хуатххэр сыхьэт 24-м къриубыдэу абы иратыжыну тутнакъэщхэм я администрацэхэм къалэн щащI. КъищынэмыщIауэ законым IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ уполномоченнэм и къулыкъум теувэну хущIэкъу кандидатхэм хуагъэувхэр.

Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр иджы халъхьэжын хуейщ «ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и IуэхукIэ» республикэ законым.

Эксперт советым и зэIущIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI Iуэху зыбжанэми щыхэплъащ. Гулъытэ хэха хуащIащ ягъэтIысахэм я хуитыныгъэхэр зэрахъумэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ тезыр щрагъэпшын IуэхущIапIэхэм я органхэм нэхъ быдэу япыщIауэ лэжьэным. ЗэIущIэм щызэпкърахащ дызэрыт илъэсым цIыхухэм къабгъэдэкI тхьэусыхафэу уполномоченнэм къыIэрыхьэхэр нэхъыбэу зытеухуар, зи Iэпкълъэпкъыр щIагъуэу къызыдэмыбз цIыхуу республикэм исхэр зыхуэфащэ щIыпIэхэм, IуэхущIапIэхэм сытым деж кIуэфын папщIэ зыхуэфащэ Iэмалхэр къызэрызэрагъэпэщым.

*ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэм и аппаратым и пресс-IуэхущIапIэ.*

# ЛIыхъужьым Iуплъэжакъым анэр

● Фэеплъ

**Щхьэлыкъуэ къуажэ дэт школ №1-м къыщызэIуахащ интернационалист зауэлI Шыкъ Анатолэ и фэеплъ пхъэбгъу. Ар Афганистаным щекIуэкIа зауэм хэтащ. 1981 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м Анатолэ лIыхъужьыгъэ зэрихьащ и гъусэхэр ажалым къыщригъэлым, ауэ езыр хэкIуэдащ. Мыпсэужу абы къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр.**



ШКОЛ пщIантIэм къыщызэхуэсат егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ, Афганистаным и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм хэтхэр, зауэлIым и анэмрэ и Iыхьлыхэмрэ, Щхьэлыкъуэ администрацэм и лэжьакIуэхэр. Псалъэ гуапэ хужаIащ Шыкъ Анатолэ.

- Афган зауэм я псэр щататащ щIалэщIэ куэдым. Зауэ гуащIэм лIыхъужьыгъэ зэрихьэу хэкIуэдащ Шыкъ Анатоли. МащIэ дыдэт къигъэщIэну къыхуиухар, ауэ и цIэр фIыкIэ къраIуэныр езым къилэжьыжыну хунэсащ и хьэл-щэн дахэкIэ, и IуэхущIафэкIэ. Анатолэ теухуа хъыбархэр жаIэж ар зыцIыхуу щытахэм. Лэжьыгъэр фIыуэ илъагъурт, жыджэрт, спортым дихьэхырт. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ спорт зэхьэзэхуэ куэдым хэтащ. Нобэ едгъэкIуэкI Iуэхур зылъагъу ныбжьыщIэ цIыкIухэм Анатолэ и IуэхущIафэу щытахэр щапхъэ яхуэхъуну дащогугъ. Дэри тхъумэнущ абы и щIыхьыр. Нэгъабэ къуажэм и зы уэрамым Шыкъ Анатолэ и цIэр фIэтщыжащ, - жиIащ Щхьэлыкъуэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къуныжь Хьэчим икIи фIыщIэ яхуищIащ фэеплъыр зи жэрдэмхэм

Афганистаным и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Тхьэгъэлэдж Тимур къытеувыIащ я мурадхэм:

- Афганистаным щыхэкIуэдахэм я фэеплъыр хъумэным теухуауэ ди зэгухьэныгъэм лэжьыгъэ куэд ирегъэкIуэкI. Республикэм щыдгъэуващ фэеплъ 30-м нэблагъэ. Афган зауэм хэкIуэдахэм я бжыгъэр 55-рэ мэхъури, дэтхэнэри тщыгъупщэнукъым, - жиIащ абы.

Тхьэгъэлэдж Тимур Афганистаным и Ветеранхэм я союзым къыбгъэдэкI щIыхь тхылъ яритащ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къуныжь Хьэчимрэ Щхьэлыкъуэ школ №1-м и унафэщI Куэшмэн Заурrэ. Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм кърагъэха «Афган зауэр зэриухрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум и фэеплъ» медалыр иратащ щIызэхуэса щIалэм и анэ Шыкъ Лусэ.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ Афганистаным Шыкъ Анатолэ и гъусэу щыIа Батыр Мухьэдин.



Тхьэгъэлэдж Тимур и псалъэ гуапэ.

- Гуапэщ ди ныбжьэгъум и лIыхъужьыгъэм пщIэ зэрыхуэфщIыр. Ар абы къилэжьащ, - къыхигъэщащ абы. Пэжщ, анэм и дежкIэ нэхъ гуауэ щыIэкъым быныр зэуапIэм икIуэдэным нэхърэ. Мы махуэм сэри си гур мэпIейтей... Ди ныбжьэгъу лъапIэм и щIыхьым хуэфэщэн щIэблэ Алыхьым къыдит.

Анатолэ и анэмрэ Шыкъ лъэпкъым я нэхъыжь Мусэрбийрэ Iуэхум кърихьэлIахэм, я щIалэр зыщымыгъупщахэм фIыщIэ хуащIащ.

- Ди къуажэгъу, мы школым зэгуэр щеджа Шыкъ Анатолэ дигу къыдогъэкIыж. МащIэ дыдэщ къигъэщIар Толик - арат дэ абы дызэреджэу щытар. Школым щыщIэса зэман лъандэрэ и пщIэр езым и хьэлщэнкIэ къилэжьыжыну хунэсат. И псалъэр кIэщIт, и ныбжьым емылъытауэ акъылыфIэт, набдзэгубдзаплъэт, гудзакъэ иIэт. Зауэ IэнатIэми хахуэу зыкъыщигъэлъэгъуащ, Iэмалыншэ щыхъум, и псэр итащ. И щIыналъэм къигъэзэжыну къыхуиухамэ, Шыкъ Анатолэ иджыри куэд гъащIэм щыхузэфIэкIынут. Мы школым щылажьэхэм, еджакIуэ цIыкIухэм сытым дежи пщIэ хуащIынущ Анатолэ и щIыхьым, и фэеплъым. Пщэдджыжь къэс школыбжэр Iутхыху, абы и фэеплъращ дызыIуплъэнур, - жиIащ Куэшмэн Заур.

**НАФIЭДЗ Заремэ.**
*Сурэтхэр* **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

# Бакъ Аринэ дзыхь ирагъэз

● ДифI догъэлъапIэ

**Дыгулыбгъуей къуажэм щыщ Бакъ Аринэ Бахъсэн щIыналъэм и Пенсэ фондым илъэс пщыкIуплI хъуауэ щолажьэ. ЦIыху 20-30 махуэ къэс ебгъэблэгъэныр, я Iуэху худэпхыныр къызэрыгуэкIкъым. Ар зыхузэфIэкIыр гулъытэ зиIэ, нэгъуэщIхэр и щхьэм езылъыт IэщIагъэлI нэсхэрщ. Апхуэдэущ Бакъыр зэрацIыхури.**



СЫЗЫТЕКIУХЬАР нэфIэгуфIэу, гугъэзагъэу икIи псынщIэу Аринэ зэрысхузэфIигъэкIар щыжесIэм, Пенсэ фондым и унафэщI Къумыкъу Iэминат си псалъэхэм гуапэу къыпэджэжащ.

- Аринэ ди IэщIагъэлI нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ. Гумызагъэщ, къытхуэкIуэ нэхъыжьхэм яхуэIэфIщ, дэтхэнэри арэзы зэрищIыным йогугъу, лэжьыгъэм фIыуэ хещIыкIри, абы Iуэхур щIегъэпсынщIэ. Арини, адрей си лэжьэгъухэми апхуэдэ пщIэ къызэрыхуэфщIым, фи дзыхь къызэревгъэзым дэри ди лъэр щIегъэкI, - жиIащ Iэминат.

ГъащIэ зылъэгъуа сэ схуэдэхэм яхуэгуапэ, зи гулъытэр зыхэтщIэ цIыхубз цIыкIум и дахэгъуэщ, и псэугъуэщи, и гуращэ псори къехъулIэну, и бынхэм я гуфIэгъуэ куэд илъагъуну гукIи псэкIи сыхуохъуахъуэ.

**КЪАРДЭН Мухьэмэд.**



Хъуран Жаннэ



● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Сабиигъуэм ухэзышэ гуащэхэр

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ сурэтыщI Хъуран Жаннэ и лэжьыгъэхэр.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ хагъэхьащ Хъуран Жаннэ езыр-езыру ищIу лъэпкъ фащэхэмкIэ ихуэпэжа, таурыхъхэм къыхэщ лIыхъужьхэм къытрищIыкIа гуащэхэмрэ сурэтхэмрэ. Дэтхэнэ зы лэжьыгъэри гъэщIэгъуэнщ, удэзыхьэхщ. Нэхъыщхьэращи, абыхэм сабиигъуэм ухашэ, псэм зрагъэузэщI, дахагъэм ухуагъэуш.

СурэтыщIым и лэжьыгъэхэр къызыхищIыкIар куэд мэхъу. Апхуэдэхэщ тхылъымпIэр, пхъэр, Iуданэр, гъущIыр, FIMO нэмыцэ пластикыр, узыншагъэм зэран хуэхъу гуэри зыхэмылъ щэкI къабзэ лIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщI материалхэр. Гуащэ ищIын щхьэкIэ скульптору, сурэтыщIу, дэрбзэру щытын, литературэм фIыуэ хищIыкIын зэрыхуейр фIыуэ къызыгурыIуэ Хъураным абыхэми зыхигъэгъуэзащ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** Жаннэ ехъуэхъуащ икIи и псалъэм къыхигъэщащ утыку кърихьа лэжьыгъэхэр телъыджэ зэрыщыхъуар, дяпэкIи ахэр зэдэлэжьэну, сурэтыщIым и Iэдакъэ къыщIэкIынухэр игъэлъэгъуэну зэригуапэр.

Музейм и унафэщI **Накуэ Феликс** выставкэм кърихьэлIахэм ягу къигъэкIыжащ илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Хъуран Жаннэ и япэ гъэлъэгъуэныгъэр КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым зэрыщекIуэкIар, и лэжьыгъэ купщIафIэхэр абы утыку къыщрихьауэ зэрыщытар.

Жаннэ къэпсэлъахэм, хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ. Абы и псалъэм къыхигъэщащ гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIахэм я нэгум гуфIэгъуэ къызэрырихыр, и Iэдакъэ къыщIэкIа гуащэхэм къызэхуэсахэм гукъыдэж къазэрыритар гуапэ зэрыщыхъуар.

- Си лэжьыгъэхэм щIэупщIэ яIэу, ахэр цIыхухэм ягу нэсу щызыхэсщIэкIэ, Iуэхум нэхъри сытогушхуэ, къаруущIэ къыслъыкъуокI, щIэхэм зысхуопщыт. Си гуащэхэмрэ сурэтхэмрэ зы сабийм нэхъ мыхъуми дэрэжэгъуэ къритмэ, сэркIэ ар куэд и уасэщ, - жиIащ Жаннэ.

КъБКъУ-м дизайнымкIэ и институтым (нэхъапэм колледжу щытам) и унафэщI Кожуховская Светланэ жиIащ Хъуран Жаннэ и лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, абыхэм сабийхэм гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ зэрыратыр, балигъхэр сабиигъуэм зэрыхашэр.



Жаннэ гуащэхэм пасэу, Налшык къалэм и курыт еджапIэ №5-м щыщIэса зэманым, дахьэхащ. АбыкIэ фIыщIэр зейуэ къилъытэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и телевиденэм щылажьэу щыта Павлович Ларисэщ. Абы иригъэкIуэкI «IэпщIэлъапщIэ» нэтыным фIэгъэщIэгъуэну еплъырт, блимыгъэкIыу, щыщIидзэнур къыхуэмыгъэсу. Дэрбзэрым, хэдыкIым, сурэт щIын жыпIэми, а нэтыным куэд къызэщIиубыдэрт. А Iуэхугъуэхэм апхуэдизкIэ Жаннэ дахьэхати, Ларисэ зригъэцIыхури, 70-80 гъэхэм зэгъусэу а нэтыныр ирагъэкIуэкI хъуащ. Иджыри цIыкIуу дэзыхьэха а Iуэхугъуэр иужькIэ IэщIагъэ хуэхъуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь Москва Гуащэ дизайнхэмкIэ и школым щеджащ.

Хъураным къызэрыджиIамкIэ, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я мызакъуэу, балигъхэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм яхуэгъэза гуащэхэр иIэщ. Япэ дыдэу ищIар IуданэкIэ зэрагъакIуэ гуащэ-марионеткэм хуэдэщ. Гуащэ театрым папщIэ зыбжанэ иIэщ. Ахэр къегъэсэбэп сабийхэр хэту унэм щигъэув спектаклхэм. НэгъуэщI гуащэ лIэужьыгъуэхэри ещI. Ар зыкъыхуэзыгъазэхэм къыхуахь сурэтхэм къатрищIыкIхэрщ. Апхуэдэхэр нэхъыбэм саугъэту ят. Жаннэ зэрыжиIэмкIэ, а лIэужьыгъуэр пщIыну нэхъ гугъущ, зэмануи мазэ зытIущ ехь. Гуащэхэр сабийхэр зэрыджэгу, тезыгъэу хьэпшып къудейкъым, атIэ псэм зезыгъэузэщI дахагъэщ.

Хъуран Жаннэ гъуазджэм и цIыхум и къалэныр - къигъэщIа дахагъэмкIэ цIыхухэм ядэгуэшэныр, абыхэм дэрэжэгъуэ яритыныр - фIыуэ къохъулIэ.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм мыпхуэдэ гуащэхэм я мыхьэнэр иджыри нэсу къагурыIуэу схужыIэнукъым. Си IэдакъэщIэкIхэм нэхъыбэу щIэупщIэр хамэ къэралхэм щыпсэухэрщ. Абы и щыхьэтщ си гуащэхэм дихьэххэм ахэр Италием, Германием, Чехием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм зэрыщахъумэр. Гуащэхэм цIыхухэм хуэдэу езым я хьэл-щэн яIэжщ, ахэр пщIыным зэманышхуэ токIуадэ. ЩIэупщIэ зэриIэми емылъытауэ, ахэр сщIын схущыгъэтынукъым, - жеIэ Жаннэ.

Хъураныр усэ тхынми дехьэх. Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 65-рэ зэрырикъум теухуауэ Москва къыщыдэкIа тхылъым хагъэхьащ Жаннэ и адэшхуэм хуиусар. Декоративно-прикладной гъуазджэр фIэфIщ. Тхылъ еджэныр зыхилъхьэ щыIэкъым. Художественнэ тхыгъэхэм къыхэщ лIыхъужьхэм гуащэхэр къатрещIыкI, я образхэр и нэгу къызэрыщIыхьэм хуэдэу.

Дэрбзэр IэщIагъэми хуэIэижьщ, и гуащэхэм я щыгъынхэр езыр-езыру ед. Тхыгъэм къыхэщ лIыхъужьым къытрищIыкI образыр пэжу къигъэлъэгъуэн папщIэ, лIэщIыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIа фэилъхьэгъуэхэми хищIыкIын зэрыхуейр фIыуэ къыгуроIуэ. Куэдрэ къыхуохуэ адыгэ фащэр, цейр, хьэзырхэр, бгырыпхыр, къамэр, макъамэ Iэмэпсымэхэр ищIыну. Гъуазджэм апхуэдизкIэ къыгуэхыпIэ имыIэу куэд епхащи, литературэми, щэнхабзэми, тхыдэми фIыуэ хэщIыкIыпхъэщ. Абы и щапхъэщ екIуу укъэфэн папщIэ куэдым ущыгъуэзэн зэрыхуейр. КъищынэмыщIауэ, архитектурэр Жаннэ фIэфI дыдэщ. Гуащэхэм унэ екIухэр яхуищIыну и хъуэпсапIэщ, ауэ абыхэм хэхауэ щелэжьыну щIыпIэ зэкIэ иIэкъым.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# ЯIэщ зэфIэкI, яхэлъщ лъэпкъ гупсысэ

**Мафlэ цIыкIур мафIэшхуэ мэхъу жыхуаIэращи, ТIыуэпсы щIыналъэм и Новомихайловскэ адыгэ жылагъуэм дэсхэр куэд щIауэ зыщIэхъуэпса Iуэхугъуэ къайхъулIащ. Ар сабий къэфакIуэ гуп яIэнырт. АнсамблыщIэм «Черкесия» фIащащ. Ар зэуэ тыншу утыку къихьакъым, атIэ зыкъом а Iуэхум псэемыблэжу телэжьащ. МащIэ-мащIэурэ я къару зэхалъхьэурэ, гъэсакIуэ Дэгу Рустам я пашэу, абыхэм къэфакIуэ гуп хъарзынэ «яухуащ»...**



● Щэнхабзэ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 1-м, Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм, «Черкесия»-м пшыхь гукъинэж игъэлъэгъуащ.

- Си закъуэу сыпэлъэщынутэкъым а Iуэхум, - къыддогуашэ Дэгу Рустам. - КъыздэIэпыкъуащ псори: ТIыуэпсы щIыналъэм и администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм и унафэщI Ачмыз Анатолэ, Новомихайловскэ жылагъуэм и Iэтащхьэ Русин Анатолэ, къуажэ щIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щыта Ачмыз ФатIимэ, абы и пIэкIэ мы зэманым лажьэ Хмелевэ Светланэ, Псыбэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI Ачмыз Хьэсэн, ансамблым хэт цIыкIухэм я адэ-анэхэр абыхэм ящIыгъуу. Ахэр ехъулIэныгъэкIэ къытщыгугъырти, я гугъапIэхэм дылъэмыIэсу хъунутэкъым. Щхьэхуэу фIыщIэ хузощI Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупIэмкIэ «Юность» IуэхущIапIэм - абы зыщыдогъасэ, зыщыдоужь.

Дэгу Рустам шапсыгъхэм фIыуэ къацIыху. Езыр Адыгэ Республикэм и Куэшхьэблэ къуажэм щыщщ. Илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм ар къыщыфэу щытащ республикэр зэрыгушхуэ и къэфакIуэ гуп нэхъыщхьэхэм («Дыщэ къамэ», «Ислъэмей», «Налмэс» ансамблхэм). Апхуэдэуи къэфакIуэр щылэжьащ Адыгэ щэнхабзэмкIэ Лазаревскэ дэт центрым. Иужьрей илъэсхэм Дэгу Рустам и артист IэщIагъэм щыпещэ КIыщмей Ин жылэм щекIуэкI пщыхьэщхьэ зэхыхьэхэм.

И зэфIэкIхэр къигъэсэбэпри, илъэситIым и кIуэцIкIэ абы къызэригъэпэщыфащ езым и хъэтIрэ гъэщIэгъуэнагъырэ зыхэлъ къэфакIуэ гуп хъарзынэ. «Черкесия»-м хэт сабийхэр я ныбжькIэ зэхуэдэкъым икIи лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщщ. Абы къыхэкIкIэ Дэгу Рустам зыхуигъэувыжа къалэныр тынш дыдэтэкъым. Гупым ягъэзащIэ лъэпкъ къафэу 10 хуэдиз. ЯIэщ абыхэм зэфIэкI, яхэлъщ лъэпкъ щэнхабзэр. АрщхьэкIэ утыку къызэрихьэну фащэхэр къаймэщIэкIырт. Адэ-анэхэм я закъуэ къарукIэ апхуэдэ гупышхуэ пхуэпэнри гугъут. Ансамблыр зыIууа гугъуехьхэм гу щылъатэм, «Черкесия» къэфакIуэ гупым хэт артист ныбжьыщIэхэм зыкъыщIагъэкъуащ хыIуфэрыс адыгэхэм я Адыгэ Хасэмрэ Краснодар крайм и щIыпIэ администрацэмрэ. Ансамблым абыхэм хухахащ сом мин 200. А хъыбарыр ансамблым хэтхэм къахуихьащ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжид. Шапсыгъхэм я Жылагъуэ парламентым и лIыкIуэм къызэрыхигъэщащи, зи гугъу тщIы Iуэхугъуэр и щыхьэтщ мы щIыналъэм щыпсэу лъэпкъыжьым и щэнхабзэм мыбдеж пщIэ зэрыщыхуащIым, апхуэдэуи фащэщIэхэр зыIэрыхьа ныбжьыщIэхэр дяпэкIэ лъагапIэфIхэм зэрыхуэплъэнум шэч хэлъкъым.



«Черкесия»-м ита пшыхьым утепсэлъыхьмэ, ар гукъинэжт. Абы я Iуэхур къыдаIыгъыу утыку къадихьэрт ТIыуэпсы щIыналъэм и сабий къэфакIуэ гуп цIэрыIуэхэр – «Кавказ», «Тарон», «Псынэпс», нэгъуэщIхэри. Апхуэдэуи я уэрэдхэмкIэ махуэр ягъэдэхащ Хьэгъур Тамарэ, НэгъущI Щэмил, Ачмыз Заремэ сымэ. Пшыхьым и хьэщIэт Адыгэ Республикэм къикIа «Нартхэр» гупыр, Къардэн Iэдэм (Куэшхьэблэ), Кубанымрэ Адыгеймрэ щIыхь зиIэ я артист Сихъу Руслан (Мейкъуапэ къалэ).

Пшыхьыр зэхуащIыжащ «Черкесия»-м хэт ныбжьыщIэ цIыкIухэмрэ я гъэсакIуэмрэ зэдагъэзэщIа къафэмкIэ.

**НЫБЭ Анзор.**

● Кикбоксинг

# Урысейм и чемпион

**Сочэ дэт «Аквалоо» зыгъэпсэхупIэ-узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэм щекIуэкIащ кикбоксингымкIэ Урысейм и чемпионат. КIэух зэхьэзэхуэм екIуу зыкъыщигъэлъагъуэри, ди спортсмен цIэрыIуэ Бахъсэн Рэмэзан профессионалхэм я деж къэралым и чемпион хъуащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ кикбоксингымкIэ и федерацэм и унафэщI Къудей Алим щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, а зэпеуэм кърихьэлIа хьэщIэ лъапIэхэм ящыщщ боксымрэ кикбоксингымкIэ дуней псом щыцIэрыIуэхэу Пирог Дмитрий, Пастух Родион, Тисленкэ Вячеслав, УФ-м и Къэрал Думэм и вице-спикер Железняк Сергей сымэ.

Япэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ Бэхъсэн Рэмэзан чемпион цIэр зэрызыIэригъэхьэнур псоми хьэкъ ящыхъуат. Ди спортсменым Рязань щыщ, дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Храмов Михаил лъэщу хигъэщIащ, ар щэнейрэ нокдауным игъакIуэри. Арати, судьяхэм зэдаарэзыуэ Урысейм и чемпионым и бгырыпхыр Бахъсэн Рэмэзан къыхуагъэфэщащ.

**ТЕРКЪУЛ Мартин.**

# «Зарница» джэгухэр къощIэрэщIэж

**Чернэ Речкэ къуажэм щекIуэкIащ «Зарница» дзэ-спорт джэгум и щIыналъэ зэIущIэр. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ехьэлIа мы Iуэхугъуэр Егъэджэныгъэмкlэ щIыналъэ управленэм къызэригъэпэщащ.**

«ЗАРНИЦА»-м хэтыну гупхэм я увыIэпIэхэр ягъэбелджылыуэ пщыIэхэр ягъэува нэужь, абыхэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ Аруан щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Щоджэн Риммэ, КъБР-м зауэм хэта и ветеранхэмрэ дзэ къулыкъумкIэ комитетым и унафэщI Романенкэ Борис, Аруан щIыналъэм и Ветеранхэм я советым и Iэтащхьэ Шелковников Пётр сымэ. Нэхъыжьхэм ягу къагъэкIыжащ лъыгъажэ зауэм Хэкумрэ лъахэмрэ къахуихьа насыпыншагъэхэр, цIыхубэм ятелъа гугъуехьхэр, ди сэлэтхэм зэрахьа лIыгъэр.

Iуэхум еджакIуэ 300 хэтащ. Ахэр зэпеуащ строевой IэмалхэмкIэ, япэ медицинэ дэIэпыкъуэныгъэмкIэ, мафIэсым пэщIэтынымкIэ, Хэкум и тхыдэмкIэ.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаубыдащ Нарткъалэ и лицей №1-мрэ Къэхъун и СОШ №2-рэ. ЕтIуанэ увыпIэр Нарткъалэ дэт курыт школ №6-мрэ Старэ Шэрэдж и курыт еджапIэ №2-рэ къахьащ. Ещанэ хъуащ Нарткъалэ и СОШ №5-мрэ Псыгуэнсу дэт курыт школ №1-мрэ.

ТекIуахэмрэ ахэр «Зарница»-м хуэзыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэмрэ УФ-м и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и щIыхь тхылъхэр иратащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Налшык

# Зэкъуэтыныгъэм и щапхъэ

**Налшык и Сабий стадионым щекIуэкIащ КъБР-м и еджапIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я спартакиадэ. Муниципальнэ лэжьакIуэхэм я махуэм ехьэлIауэ къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэхэм хэтащ республикэм и къалэ, район псори.**

СПАРТАКИАДЭР къызэIуихащ икIи абы хэтыну къекIуэлIахэм ехъулIэныгъэфIхэмкIэ ехъуэхъуащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI Анаев Аслъэн. Къызэхуэсахэр спорт лIэужьыгъуи 10-кIэ зэхьэзэхуащ: стIолыщхьэ теннис, шахматхэр, кIапсэ зэпекъу, мывэ дзын (цIыхухъухэм я деж), топ дзын (цIыхубзхэм), атлетикэ псынщIэ, лъэн, метр 200, 400 къэжын, футбол.

Зэпеуэм цIыху 200-м нэблагъэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ икIи дэтхэнэ зыри хущIэкъуащ зыпэрыт IэнатIэмрэ я щIыналъэмрэ я щIыхьыр зэрахъумэным. КъызэгъэпэщакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, IэщIагъэлIхэр щызэхьэзэхуа спартакиадэм хэтхэр зыхущIэкъуар нэхъыбэу увыпIэ лъагэ зрагъэгъуэтыныр аракъым, атIэ лэжьакIуэхэр зэкъуэгъэувэнырщ, узыншагъэм и къежьапIэ нэхъыщхьэу щыт спортым ахэр дегъэхьэхынырщ. Апхуэдэу щыт пэтми, псори хъарзынэу утыку итащ, дэтхэнэ зы джэгугъуэри удихьэхыу екIуэкIащ. Зэхьэрхуэрэгъухэм къахэкIакъым увыпIэ пыухыкIа зэрызыIэрагъэхьэным щIэмыбэна.

ТекIуахэм щIыхь тхылъхэр, медалхэр, кубокхэр яритащ КъБР-м и Муниципальнэ щIыналъэхэм я советым и унафэщI, Тэрч щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Пэнагуэ Максим. «Мы спартакиадэр ди республикэм и щIыналъэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр нэхъри егъэфIэкIуэным и къежьапIэ ирехъу», - жиIащ абы.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

# Судым щыхоплъэ

● КъБР-м и прокуратурэм

**КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Iэ щIидзащ «Урысейм и Мэкъумэш банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIу щыта Къудей С. хуэгъэзауэ къаIэта уголовнэ IуэхумкIэ тхылъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 201-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ зэрилэжьам къыхэкIыу.**

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкIэ, 2005-2007 гъэхэм Урысейм и Мэкъумэш банкым и къудамэмрэ «Ерокъуэ консерв завод» ООО-мрэ сом мелуанитхум нэблагъэм хуэзэ кредит зэгурыIуэныгъэу плIырэ предприятэм и унафэщIхэм ящыщу цIыхуищ щыхьэту зэрыувым теухуа зэгурыIуэныгъэхэмрэ зэращIылIащ. Абы щыгъуэ заводым и устав мылъкум и процент 50-р Къудей С. и къуэшым и цIэкIэ ятхат.

ЩIыхуэ зытегъэкIыжыныр щызэпагъэум, ар къыIихыжын мурадкIэ, банкым КъБР-м и Арбитраж судым исккIэ зыхуигъэзащ, ауэ Къудейм и къуэшри хэту, щыхьэту увахэм яхуэгъэзауэ апхуэдэ тхылъ итакъым. Абы къыхэкIыу, щIыхуэ псори Ерокъуэ консерв заводым ипшыныжын хуейуэ судым унафэ къищтащ.

Пхъэщхьэмыщхьэпс щагъэхьэзырыну IэнатIэ къызэIуихыну зи мурад хьэрычэтыщIэм щIыхуэ щхьэкIэ а зэманым Къудей С. тхылъкIэ зыхуигъэзати, банкым и унафэщIым ар къигъэгугъащ заводым телъ щIыхуэр хуипшыныжмэ, кредиту сом мелуанипщI иритыну.

ХьэрычэтыщIэр арэзы щыхъум, банкым кредитхэмкIэ и комиссэм и нэIэ щIэту, абы и фирмэхэм я счетхэм зы махуэм кърикIуэнуэ, кърибубыдэу сом мелуанипщI ягъакIуэри, мелуаниплIым нэблагъэр Iахыжащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, консерв заводыр зейхэм ящыщ Къудей С. предприятэм и щIыхуэр банкым и кредит мылъкукIэ къанэ щымыIэу ипшыныжащ. Зэман дэкIри, сом мелуанипщI хъу щIыхуэр езы хьэрычэтыщIэми итыжын щигъэтащ. Абы къыхэкIыу, банк унафэщI хъуам и жэрдэмкIэ, пэублэ къэпщытэныгъэ ирагъэкIуэкIащ, уголовнэ Iуэху къызэIуахри, хабзэм къемызэгъыу кредит къызэрищтам щхьэкIэ, УФ-м и УК-м и 176-нэ статьямкIэ ар ягъэтIысащ.

Банкым къыхуихьа хэщIыныгъэр ирагъэпшыныжын папщIэ, Къудей С. и мылъкур (щIы Iыхьэхэр, фэтэрыр) судым итхьэкъуащ. Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, щыхэплъэн щхьэкIэ, уголовнэ Iуэхур Налшык къалэ судым иратащ. Абы илъэсипщIым нэблагъэ къехь.

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Аруан щIыналъэ

# Нэхъыжьхэм пщIэ хуащI

**Унагъуэмрэ сабийхэмрэ ядэIэпыкъунымкIэ Нарткъалэ дэт центрым щекIуэкIащ «БлэкIа зэман хьэлъэм зыхуэдвгъэгъэщхъ» зыфIаща пшыхь. Ар къызэригъэпэщащ литературэмкIэ «ЗэгурыIуэныгъэ» клубым.**

НАРТКЪАЛЭ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI Саприкинэ Галинэ тепсэлъыхьащ ди къэралыр зыпхыкIа лъэхъэнэ гугъухэмрэ цIыхубэм ябгъэдэлъа зэфIэкIымрэ. Абы иужькIэ Сабий музыкальнэ школымрэ «Золушка» сабий садымрэ я гъэсэнхэм уэрэд жаIащ, къэфащ, зауэ, нэужь лъэхъэнэхэм зэхалъхьа усэхэм цIыкIухэр къеджащ, литературэ-макъамэ теплъэгъуэхэр ягъэзэщIащ.

КъызэгъэпэщакIуэхэми Iуэхум хэта сабийхэми фIыщIэ псалъэкIэ зыхуагъэзащ пшыхьым ирагъэблэгъахэу Аруан район администрацэм, Ветеранхэм я советым, КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къикIахэу Щоджэн Риммэ, Шелковников Пётр, Токъмакъ Мадинэ сымэ. ЗэIущIэм къыщыпсэлъа нэхъыжьхэм щIэблэр къыхураджащ мамырыгъэм, зэкъуэтыныгъэм, щIэныгъэм.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

● Гъуэгуанэ тхыгъэхэр

# Босфор Iуфэр зыгъэдахэ Истамбыл

***Журналист лэжьыгъэр фIыуэ щIэслъагъум щхьэусыгъуэ куэд иIэщ. Абыхэм ящыщщ махуэ къэс цIыхущIэхэр зэрызэбгъэцIыхур, дунейм щыхъыбархэр уэру къызэрыпIэрыхьэр, зи зэфIэкIкIэ, IэщIагъэкIэ цIэрыIуэхэм уазэрыхуэзэр, уздэщымыIа щIыпIэхэр зэрызэбгъэлъагъур, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу иджыблагъэ Тыркум лэжьыгъэ IуэхукIэ дыщыIати, абы дызыщыхуэзахэмрэ дызыхэта зэIущIэхэмрэ нэхъ пасэу къытеддзэжащ. Иджы, си къалэн нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, Истамбыл щыслъэгъуахэмрэ сызыщрихьэлIахэмкIэ сывдэгуашэмэ сфIэфIу, иужь сихьащ мы тхыгъэм. Лэжьыгъэмрэ зыплъыхьынымрэ зэдэпхыну тыншкъым нэгъуэщI къэрал ущыкIуам деж. Ди зэманымрэ ди Iуэхумрэ зэпэлъытат, ауэ укъэзыухъуреихь псори зэрыщIэщыгъуэм гур игъэпхъэрырт. Бысым тхуэхъуахэр къытхуэнабдзэгубдзаплъэти, лэжьыгъэм къыдэхуэ зы сыхьэтри гукъинэж зэрытщащIыным хущIэкъурт. ФIыщIэ яхуэщIыпхъэщ ди редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Тыркум щиIэ ныбжьэгъухэм. Абыхэм я гумащIагъымрэ Мухьэмэд къыхуащI пщIэмрэ кхъухьлъатэтIысыпIэм деж щегъэжьауэ щызыхэтщIащ. Пщэдджыжьым сыхьэти 5-м, нэху мыщауэ, Истамбыл дэт Сабихьэ Гёкчен аэропортым дыщетIысэхат. ДымыпIащIэурэ дыдэкIырт, Мухьэмэд ныбжьэгъу зэрикуэдыр сщIэрти, къызэрытпежьэнум шэч къытедмыхьэу. АрщхьэкIэ, «жэщыкум зэхэзехуэн сщIынкъым жысIэри, мыбдеж къыщытпэплъэну зыми яжесIакъым, такси куэду тетщи, дыздэкIуэм дынагъэсынщ», - жиIащ ХьэфIыцIэм. СигукIэ «хъарзынэщ, уэ удигъусэмэ, дыкIуэдынкъым», - жысIэри хуэмурэ щIэкIыпIэмкIэ дунэтIащ ди газетым и сурэттех Къарей Элинэрэ сэрэ, Мухьэмэд ди япэ иту. Ди хьэпшыпхэр къэтщтэжри, аэропортым дыкъызэрыщIэкIыну бжэшхуэр къызэIуихащ. Жэщ-махуэм и сыт хуэдэ сыхьэт бжыгъэми ныбжьэгъур-ныбжьэгъущ. Нэхулъэр къызэкIэщIитхъ къудейуэ арами, бжэIупэм къыщытпэплъэрт зи ныбжьыр хэкIуэтаи, зи щIалэгъуи, адыгэбзэкIэ фIэхъусыр къыдахрэ къытщыгуфIыкIыу. Апхуэдэу гуапэу дихьащ Тырку щIыналъэм. Бысым гумащIэхэм ди лэжьыгъэри тщагъэпсынщIэри, ди зэманыр тхуэзэрагъэзахуэурэ Истамбыли дагъэлъагъуну хунэсащ.***


Долмабахче мэжджытыр.

### Си нэгу щIэтщ щыхьэрышхуэр

МЫ КЪАЛЭМ щэ сыщыIащ, сыщегупсыскIэ япэу си нэгу къыщIыхьэр Ататюрк и сурэтхэмрэ азэн къыщыджэ мэжджытышхуэхэмрэщ. Ататюрк и сурэтыр дэнэ дежи фIэлъу урихьэлIэнущ, апхуэдэуи тырку лирэхэм, уеблэмэ зы куруш жьгъейми абы и сурэт тетщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Ататюрк фIыуэ щалъагъу мы къэралым. Кемал Мустафа (1881-1938) «Ататюрк» унэцIэр къыщратауэ щытащ 1934 гъэм екIуэкIа Тырку Лъэпкъ Зэхуэсышхуэм. Абы и пэкIэ тыркухэм унагъуэцIэ яIэу щытакъым. Генерал Кемал Мустафа Тыркум и президент хъуа нэужь, демократ теплъэ нэхъ иIэн папщIэ дзэ фэилъхьэгъуэр зыщигъэгъыртэкъым, апхуэдэуи и жьакIэр иупсат европей цIыхухэм нэхъ ещхьу щытын папщIэ. Иджырей Тыркум и дежкIэ а цIыхухъум мыхьэнэшхуэ иIэщ. Дауи, абы и унафэ щIэува иужькIэщ тыркухэм зыкъыщауужьар, къэралыр щызэфIэувар, я гъунапкъэхэр щагъэбыдар.

Ататюрк щыпсэуа, щылIа Долмабахче уардэунэм дыблэжащ, мис абы и блынхэм фIэлъщ абы и гъащIэмрэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэмрэ псалъэншэу уэзыгъэлъагъу сурэтышхуэхэр. КъищынэмыщIауэ, тыркухэр зэрыхэкупсэр я бэракъхэм къагъэлъагъуэ. Бэракъ абрагъуэхэр къалэм и дэнэ щIыпIи щохуарзэ, кIуэаракъэ улъэсми, машинэ уисми, дакъикъитхуи дэкIынкъым бэракъыщIэ умылъагъуу, ар псыщхьэм тет кхъухь нэхъ цIыкIу дыдэми фIэлъщ, я нэхъ лъагапIэхэми щыфIэдзащ. Тыркубзэ пщIэмэ, ислъам диныр пIыгъмэ, Ататюрк пщIэ хуэпщIмэ, тырку нэсу ущалъытэ мы къэралым. Демократием и курых дыдэр щызэфIэуvaуэ жыпIэ хъунущ мыбы. Абы сезыгъэгупсысар хэхыныгъэхэм япэ къиихуэу политикэ партхэм цIыхухэр я телъхьэ къащIын папщIэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэрщ. Хэти джэгу ищIырт, хэти игъашхэрт, хэти жьэуапIэм телевизорхэр щыщIэгъэнауэ цIыхухэр иригъэблагъэрт - сытуи парт куэдыщэ хъурэт. IэIэткIэ мы къэралым зыгуэрхэр щыпхъуэжыфу щымытамэ, апхуэдизу гугъу зрагъэхьыну къыщIэкIынтэкъым. Архитектурэ и лъэныкъуэкIэ къэрал зызыужьыжахэм къакIэрыхуу пхужыIэнукъым мы къалэр, ауэ Европэм къызэрыщхьэщыкIыр бзылъхугъэ ныкъуэпцIанэ узэрыщримыхьэлIэр арагъэнщ. Я шхыныгъуэхэм нэхъ IэфI улъыхъуэн хуейщ. Е сэ хадэхэкIхэм къыхэщIыкIа ерыскъы зэрысфIэфIра, псори сигу ирихьащ, згъэщIэгъуащ удз лIэужьыгъуэу абы яшхым и куэдагъыр.

Удз гъэгъахэм ящыщу сэ нэхъыфIу слъагъур тюльпанхэращ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Тыркури ерыщщ абыкIэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, тюльпанхэр («лале» жаIэ тыркухэм) къэралым и лъэпкъ удз гъагъэуэ къалъытэ, уеблэмэ, уэсмэн щэнхабзэм и зы Iыхьэщ ар гъэкIыныр. КъищынэмыщIауэ, ар муслъымэн къэкIыгъэу ябжри, къурIэнхэри, мэжджытхэри, алэрыбгъухэри ирагъэщIэращIэ, нэгъуэщI куэдми сурэту тету урохьэлIэ. ЕхъулIэныгъэмрэ беягъымрэ я дамыгъэу къалъытэ тюльпаныр. Ар апхуэдизкIэ фIыуэ щалъагъу Тыркуми, илъэсым зэ фестиваль иращIэкI, гъатхэм, и гъэгъэгъуэм ирихьэлIэу. ЗыгъэпсэхупIэ, парк хуэдэхэм къызэрыщыкIым нэмыщI, а удз гъэгъахэр къалэм дэт жыгхэм я хъуреягъми къегъэтIысэкIащ, дыгъэм хуэдэу гъуэжьри, фIамыщIым хуэдэу фIыцIэри, Iущхьэм хуэдэу плъыжьри, къуэлэну зэхэлъри дахащэщ. И чэзум мыдахэ иIэ щIыуэпсым?!

Истамбыл и гъуэгухэмрэ абы машинэу тетым я бжыгъэмрэ гъэщIэгъуэну къэнэжыркъым. ЦIыхухэм трамвайкIэ, метрокIэ, маршруткэкIэ, автобускIэ, брамкIэ (паромкIэ), кхъухькIэ къызэракIуэхьым емылъытауэ, машинэр щыкуэдщ. Къалэр бгылъэ щIыпIэм зэрытесым къыхэкIыу, къаткIэ зэщхьэщыха, лъэныкъуэ зырызым кIуэхэр щызэхэха, зэрыжэ полосауэ 6-8 зиIэ гъуэгухэм уздэкIуэм узышэнур къыхэпхыфу уесэн папщIэ илъэс дапщэкIэ удэсын хуейми сщIэркъым Истамбыл. Картэ е навигатор умыIыгъмэ, зэи пхузэхэхыну къысщымыхъу пэтми, ди бысымхэм ящыщу зыми къигъэсэбэпу слъэгъуакъым а Iэмалхэр. ЦIыхуу дэсри нэхъ мащIэкъым, Европэм ещанэ увыпIэр щеубыд абы и лъэныкъуэкIэ. Унэ, тыкуэн зэтетышхуэхэмрэ IуэхущIапIэ лъагэхэмрэ зытет щIыгум и лъабжьэми зы гъащIэ щокIуэкI. Метрор, къат зыбжанэу унэ лъабжьэхэм хэт машинэ гъэувыпIэхэр - а псори умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым.


Къарей Элинэрэ абы и трамвай плъыжь цIыкIумрэ.

### Элинэрэ трамвай плъыжь цIыкIумрэ

ДИ РЕДАКТОР нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд лэжьапIэ пэшым щыщIэсым и деж газетым иригъэувэнухэмрэ и лэжьакIуэхэм ящIэн хуейхэмрэ пщэдджыжьым зэриубзыхум ещхьыркъабзэт абыи. Нэху ща нэужь, «Адампол» хьэщIэщым и пщIантIэм дэт зы тIысыпIэ хэха иIэти, дыгъэпсымрэ удз зэщIэгъагъэмрэ хэсу тырку газетхэр щIиджыкIырт, махуэм тщIэнухэр иубзыхурт. Нобэ дызыхуэзэнухэмрэ тщIэнухэмрэ Элинэ сэрэ тхузэпкърихырти, Iуэхум дыхуэхьэзыру дришажьэрт.

Япэ махуэм щегъэжьауэ Элинэ и хъуэпсапIэр Таксим хьэблэм къыщызыжыхь трамвай плъыжь цIыкIурат. ЦIыху цIэрыIуэхэм дахуэзэрт, зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэм дыкIуэрт, гъуэгу дыздытетым щIэщыгъуэ куэд тлъагъурт, лэжьыгъэр лэжьыгъэти, гугъэзагъэу зэфIигъэкIырт Элинэ, ауэ и жьэр имыгъэувыIэу щэхуу трамвай плъыжь цIыкIум и Iуэху къысхузэрихуэрт. «Трамвай умылъагъужа нэхъей щхьэ укIэрыхъыжьа абы?!» - жысIэурэ зыбжанэрэ Iэпызудащ, арщхьэкIэ щIичэртэкъым. Тыркум дыщIэкIуар трамвай плъыжь цIыкIур тлъагъунра хуэдэт. Ину хужымыIэу, цIыкIуу хуэмыIуатэу махуэ зыбжанэкIэ дылэжьащ, щIыпIэ дахэ куэди зэдгъэлъэгъуащ. Ауэ Элинэ пщыхьэщхьэм къетIысылIэжа нэужь, зи гугъу ищIыр а трамвайрат, иIыгъ тхылъымкIэ абы къыщижыхь хьэблэр зригъэщIат, Тыркум щыIа и ныбжьэгъухэм абдеж щыту сурэтхэр зытрагъэхауэ илъэгъуати, и нэгу щIэкIыжыртэкъым. Иджыри къэс къысфIэмыIуэхуами, махуитхукIэ седэIуа нэужь, абы ар имылъагъуу дыкъэкIуэж зэрымыхъунур хьэкъ сщыхъуащ.

Зы пщыхьэщхьэ ди хьэщIэщым и тхьэмадэ Хьэткъуэ Нэжэт и гъусэу дыздэщысым жиIащ: «Зы махуэ лэжьыгъэншэ фыхъуамэ, Истамбыл тIэкIу зыщывэзгъэплъыхьынт». Ар ди гуапэ дыдэ хъуащ, Мухьэмэди апхуэдэ гуэр игу илъу къыщIэкIынти, зы махуэ тхухихащ. Элинэ зыхуеиххэр аратэкъэ, трамвай плъыжьым къыщижыхь щIыпIэм дынэсыфыну пIэрэ жери, хуэм дыдэу щIэупщIащ. Нэжэт «хьэуэ» къыхигъэкIакъым. Таксими Топкапы дыкIуэну, дыхунэсмэ, нэгъуэщI щIыпIэхэми дишэну дыкъигъэгугъащ.

Къэсащ а пщэдджыжьыр. Накъыгъэм и 7-м пщэдджыжьышхэ нэужьым дежьащ зыплъыхьакIуэ. Таксим утыкуращ къалэдэсхэми зыгъэпсэхуакIуэхэми Истамбыл игуу къалъытэр. Абы цIыхуу щызэблэкIым и куэдагъыр пхужыIэнукъым, зы дакъикъи зэпыуркъым лэжьыгъэ Iуэху зиIэхэри, зызыплъыхьхэри, зи унэ екIуэлIэжхэри. Утыкум итщ метр 12 зи лъагагъ «Республикэ» монументыр. Абы и лъабжьэм кIэщIэсщ зи гухэлъ зэжезыIэ щIалэгъуалэри, зызыгъэпсэхуну етIысэха цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмри, уэршэрыну къыдэкIа нэхъыжьыIуэхэри. Зы лъэныкъуэмкIэ «Таксим Гезиси» паркыр щытщ, утыкум уикIмэ, Истиклял проспектым утохьэ. Мис а проспектым, Таксим утыкумрэ Тоннелымрэ зэпызыщIэ гъуэгум ирикIуэ трамвайрат Элинэ къилъыхъуэр. И насып кърихьэкIри, трамвайм и къэувыIэгъуэм дрихьэлIащ. МыIейуэ сурэт тесхыу зыкъысщыхъуж щхьэкIэ, сурэттех гумызагъэр арэзы хъун щхьэкIэ сурэт щэ ныкъуэ тесхагъэнщ. АбыкIэ зэфIэкIынутэкъым, трамваймрэ ежьэгъуэр къэсри, гъуэгу техьэжат армыхъумэ...

Хьэткъуэ Нэжэтрэ Къущхьэ Догъэнрэ драгъэблэгъащ Таксим утыкум ит вагъуитху зиIэ «The Marmara» хьэщIэщ нэхъ лъапIэ дыдэм и 20-нэ къатым тет шхапIэм. Зи блынхэр абджым къыхэщIыкIа шхапIэм укъыщIэплъмэ, Истамбыл и унащхьэ плъыжьхэм, хыщхьэм щес кхъухь абрагъуэхэм, щхьэж и щхьэ Iуэху зэрихуэжу къэзыжыхь цIыху цIыкIухэм уи Iэгум итым хуэдэу уаIуоплъэ. Элинэ и сурэтхэм дахэу къищащ нэм къиплъыхь а дахагъэр.

### Топкапы, Айя София, Султанахмет

АПХУЭДЭУ сурэт куэд щытетхащ Топкапы уардэунэм. Ар Истамбыл и зыплъыхьыпIэ нэхъ ехьэжьахэм ящыщщ. Илъэс 400-м нэблагъэкIэ Уэсмэн къэралыгъуэм и пащтыхьхэр щыпсэуар аращ. Иджы цIыхухэм я зыплъыхьыпIэщи, Европэ музейхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэ зэкIуалIэхэм хабжэ. Абы и пщIантIэм километри 5 и кIыхьагъщ, метр зэбгъузэнатIэ мин 700 еубыд. 1856 гъэм Долмабахче уардэунэр ухуэн яуха нэужь, пащтыхьхэр абы Iэпхъуэжри, дунейм ехыжа падишаххэм я щхьэгъусэхэр Топкапы щыпсэуну къыданащ. 1923 гъэм Тыркур республикэ хъуа нэужь, Ататюрк и унафэкIэ, Топкапы музей ящIыжауэ щытащ. Абы хьэпшыпу мин 65-рэ хуэдиз щIэлъщ, ауэ цIыхухэм ирагъэлъагъуфыр куэдкIэ нэхъ мащIэщ. Иджыпсту абы дэт ухуэныгъэхэм я бжыгъэр мащIэ хъуащ, зыгуэрхэр мафIэм исащ, е лIэщIыгъуэхэм дэщэхэжащ. ИджыкIэ жыг хадэхэм, удзыпцIэ щхъуантIэхэм, гъэгъа зэрыт утхэм хуабжьу ягъэдахэ. СулътIанхэр зыщIэса пэшхэр, ахэр къызэрищIыкIар, пащтыхьхэм къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр, зэрышха хьэкъущыкъухэр - а псори уи нэкIэ плъагъуныр куэдкIэ нэхъ гъэщIэгъуэнщ.

Айя София ухуэныгъэ абрагъуэр къыщытщ Топкапы и гъунэгъуу. Византием и «дыщэ лIэщIыгъуэм» и дамыгъэу ящIауэ щыта члисэм зэманым куэдрэ зыдихъуэжащ, куэдрэ зэрагъэпэщыжащ. СулътIан Мехмет ЕтIуанэм Константинополь зыIэщIилъхьа нэужь, абы и унафэкIэ 1453 гъэм члисэр мэжджыт ящIауэ щытащ, Айя-София фIащри. 1935 гъэм Софияр музей ящIыжащ. И щIыбым иIэ теплъэкIи и кIуэцIкIи гъэщIэгъуэнщ музейр, абы къыпхуеIуатэ Истамбыл и византие-чристэн лъэхъэнэри, уэсмэн-муслъымэн зэманри.

ЗыплъыхьакIуэхэмрэ зыгъэпсэхуакIуэхэмрэ дэзыхьэх ухуэныгъэхэм ящыщщ Султанахмет мэжджыт иныр. Къапщтэмэ, мы мэжджытращ Истамбыл зэзыгъэлъагъуну хуейхэм я «зекIуэм» къыщыщIадзэр. Сыт щыгъуи цIыхур щыкуэдщ мы щIыпIэм. Султанахметыр тырку-ислъам архитектурэм и курыхыу жыпIэ хъунущ. Султан Ахмет Езанэм и ныбжьыр илъэс 19 фIэкIа мыхъуу, унафэ ищIри, 1609 гъэм щIадзэри, илъэсихкIэ яухуащ мэжджытыр. Абы и кIуэцIыр къызэрищIыкIа мывэ лъапIэ щIыхухэм папщIэ, етIуанэ фIэщыгъэу зэрехьэ «Мэжджытыщхъуэ» цIэр. Истамбыл дэт мэжджыт бжыгъэншэхэм ящыщу нэхъ ин дыдэр мыращ. Абы пщIэншэу ущIагъэхьэ, ауэ цIыхур апхуэдизкIэ Iувщи, чэзум узэрыхэтынум ухуэхьэзырын хуейщ.



Тырку литературэм и классик Хьэгъур Ахьмэд щыпсэуа унэм фIэлъщ мы пхъэбгъур.

### ИкIэм- икIэжым псы Iуфэм къыщыпкIухь хъунущ

ДИ ЛЪЭПКЪЭГЪУ бзылъхугъэ, Тыркум щыцIэрыIуэ тхакIуэ Къущхьэ Севим дыхуэзэнырт а махуэм щIэдзапIэ хуэхъуар. Мухьэмэд и ныбжьэгъу Къущхьэ Догъэн «Адампол» хьэщIэщым къыIухьэри, дришэжьащ и благъэ хъыджэбзым дыIуигъэщIэну, интервью къеIытхыну. Догъэн и машинэм ущискIэ, ар зэрылъапIэракъым гупсэхугъуэ къозытыр, атIэ адыгэ уэрэдрэ макъамэрэ фIэкIа къыщеуэркъыми, адыгэ жьэгу цIыкIу хуэдэщ. ТхакIуэмрэ журналистхэмрэ щызэхуигъэзэну Догъэн къыхиха щIыпIэр Истамбыл и нэхъ цIыху кIуапIэ дыдэ, ОртакёйкIэ зэджэ хьэблэрт. Ар Босфор и Iуфэм Iусщ...

Севим интервью къеIытха нэужь, ди ныбжьэгъу Мэзукъэбз Аслъэн къытIущIащ. Аслъэн лъэпкъкIэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщщ, ауэ къыщыхъуари щеджари Налшыкщ, иджыпсту Истамбыл щолажьэ, и унагъуэр и гъусэу абы щопсэу. ХьэщIагъэ къыдихыну, Истамбыл зыщыдигъэплъыхьыну мурад ищIати, ди унафэщIым махуэ ныкъуэкIэ диутIыпщри, Элинэ сэрэ Аслъэн и гъусэу Ортакёй щедгъажьэри, лъэсырыкIуэуи таксикIи куэд зэдгъэлъэгъуащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

***(КъыкIэлъыкIуэнущ).***




Къущхьэ Догъэн, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Мэзукъэбз Аслъэн.


Тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм Iусщ Шылэ къуажэр.


СултIан Ахьмэд Езанэм и мэжджытыр *(1603-1617)*.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Къумахуэ Аслъэн, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 4-нэ нап.),* ПхытIыкI Азэмэт *(2, 3-нэ нап.). Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.367 ● Заказ №988